



Pou Piblikasyon Imedya: 03/05/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE ENVESTISMAN POU KONSTWI YON SISTÈM SWEN SANTE KI PI FÒ POU LAVENI

***Bidjè ane fiskal 2024 la envesti nan bon jan kalite swen sante; Abòde disparite ak bezwen swen sante ijan pou Nouyòkè yo***

***Bidjè a gen ladann pi gwo ogmantasyon nan pousantaj ranbousman Medicaid pou lopital yo, mezon retrèt yo, ak etablisman ki bay sèvis nan de deseni***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a adopsyon mezi ki pote transfòmasyon pou kreye yon sistèm swen sante ki pi solid pou Eta New York, pou alafwa jodi a ak pou lavni, nan kad Bidjè Ane Fiskal 2024 la. Bidjè yo Adopte a bay yon investisman 22 milya dola adisyonèl pou plizyè ane pou sipòte sistèm swen sante Eta a, ki gen ladan yon lòt 1 milya dola nan finansman kapital swen sante pou founisè yo ak benefis Medicaid elaji pou plis pase 7.8 milyon Nouyòkè ki gen revni fèb.

"Atravè sistèm swen sante New York k ap mennen nan peyi a, nou kontinye travay enpòtan pou elimine disparite ak asire tout moun nan eta nou an gen aksè ak pi bon swen ki disponib", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Inisyativ sa yo pral amelyore kalite sistèm swen sante nou an, fè aksè ak swen sante pi ekitab, epi asire nou byen prepare pou abòde bezwen swen sante alavni nan tout Eta New York."

Bidjè yo Adopte pou Ane Fiskal 2024 la gen ladann ogmantasyon sibstansyèl nan to ranbousman Medicaid yo - **yon ogmantasyon 7.5 pousan pou sèvis lopital pou pasyan ki entène yo, yon ogmantasyon jiska 7.5 pousan pou mezon retrèt yo, ak yon ogmantasyon 6.5 pousan pou sèvis lopital pou pasyan ekstèn yo ak founisè asistans yo**, sa ki make pi gwo ogmantasyon pousantaj nan de deseni. Chanjman ki pote transfòmasyon sa a pou estabilize sistèm swen sante Eta New York la pral lakòz yon benefis brit anyèl **1.2 milya dola pou founisè swen sante yo, anplis yon investisman Eta a ki se 500 milyon dola pou sipòte lopital ki gen difikilte finansye yo.**

Bidjè a bay yon pwogram kapital swen sante ki koute **1 milya dola pou plizyè ane pou estimile envèstisman ki pote transfòmasyon nan swen sante a**, ki gen ladan 500 milyon dola pou sipòte investisman nan teknoloji ak sibèsekirite.

Bidjè a envesti **1.7 milya dola pou finance totalman konsolidasyon senk sit Wadsworth Laboratories ki pa konekte nan yon sèl sit sou Kanpis W. Averell Harriman lan nan Albany disi 2030**. Konsolidasyon sa a pral asire ke laboratwa rechèch sante piblik k ap mennen nan peyi nou an chita nan rechèch dènye kri sou pwoblèm biyomedikal ak anviwonmantal ki enpòtan pou pwoteje sante Nouyòkè yo.

Kòm yon pati nan konsantrasyon Gouvènè Hochul sou ekite sante, Bidjè ane sa a gen ladan **yon investisman 419 milyon dola brit pou amelyore kouvèti asirans ak elaji aksè ak sèvis prevansyon ak swen primè pou benefisyè Medicaid yo**. Investisman sa yo gen ladan kouvèti fanm saj, travayè sante kominotè, nitrisyonis, sèvis terapi pou timoun, ak tè depistaj pou timoun ak moun ki ansent, ki gen aksè a lojman sipò, ak ogmantasyon pousantaj pou swen prensipal, sant sante ki baze nan lekòl yo, ak administrasyon vaksen, pami lòt finansman.

Bidjè a gen ladan tou yon investisman brit **120 milyon dola pou elaji pwogram racha Medicaid la** k ap kòmanse nan ane fiskal 2025 lan pou plis Nouyòkè ki gen andikap ka travay epi toujou kalifye pou pwoteksyon swen sante yo.

Pou pwoteje timoun ki nan zòn ki gen pi gwo risk atravè eta a kont anpwazònman plon, Bidjè a bay 39 milyon dola pou **diminye risk ekspozisyon** plon nan pwopriyete lokasyon yo. Depatman sante lokal yo pral aplike yon nouvo pwogram enspeksyon ak ranfòsman lojman ki mande pwopriyete inite lokasyon pou de fanmi ak pou plizyè fanmi yo ki te konstwi anvan ane 1980 pou sètifye inite yo kòm inite ki sekirize kont plon chak twazan nan 24 minisipalite ki gen gwo priyorite ak gwo risk yo.

Bidjè a fè gwo investisman pou ranfòse **sistèm EMS** la. Sa enkli envesti 8 milyon dola pou revitalize sistèm Sèvis Medikal Ijans eta a ak 36 milyon dola investisman brit pou ogmante pousantaj ranbousman Medicaid la pou transpò medikal.

Bidjè a sipòte kreyasyon yon **nouvo sistèm siveyans ak suivi sou sante k ap mennen nan nasyon an** pou enfòmasyon repons ki vize ak apwopriye ak kriz sante piblik la epi pou elaji yon pi gwo konesans sou swen sante nan envesti 28 milyon dola nan de ane k ap vini yo pou kòmanse bati yon nouvo platfòm ki konbine enfòmasyon sante an tan reyèl ak lòt done kle tankou faktè risk sosyal ak kondisyon kwonik, ansanm ak investisman adisyonèl pou ogmante koneksyon dosye sante elektwonik.

Bidjè a gen ladan tou yon **ogmantasyon sou taks sigarèt la pa 1.00 dola**, pou redwi itilizasyon tabak - espesyalman pami jèn yo - ak ankouraje yo kite li. Sa pral fè NYS eta ki gen taks sou sigarèt ki pi solid nan nasyon an.

###

ANILE ENSKRIPSYON OU